SAJIAN KI MANTEB SOEDHARSONO



Disusun oleh:

Halintar Cakra Padnobo, S.Sn., M.Sn.

Dimas Winando Pradana Putra (221231030)

Ilham Gatut Jiat Jumanoro (221231042)

JEJER NEGARA GUWAHARGA

Keterangan :

Jejer negara Guwaharga, gending Majemuk buka rebab, ngajengaken kenong sekawan mbedhol Kayon katancepaken gedebog ngandhap, gawang tengen, dhawah gong ngedalaken Prabu Gorawangsa, katancepaken gawang tengen, Suratimantra medal saking gawangan kiwa tancep gedebog ngandhap sa ngajengipun Gorawangsa, kalajengaken kenyawandu saking gawang kiwa nyembah tanceb wingkingipun Suratimantra gedebog ngandhap. Kenong kaping tiga gedhog kothak gangsa seseg lajeng sirep, janturan, sinambi ngedalaken parakan saking tengen tancep wingkingipun Prabu Gorawangsa.

Janturan :

Swuh rep data pitana. Hanenggih pundi ta menika ingkang minangka purwakaning kandha datan kadya ing mangke gumelaring nagari Guwaharga ya Panguwa. Dasar negara jembar jajahane gedhe wulu pamentune, kandel betenge, jero jagange, tur ta akeh wadyabalane. Parandene nadyan mangkono, goreh rongeh kawulane, salang tunjang panguripane, samya luntur panembahe, suda rasa katresnane mring negarane. Apa ta darunane mangkono?

Labet nalika semana Praja Guwaharga nedheng ngancik jaman Wesi ya sinebut jaman Kaliyoga. Wus kinodrat jroning jaman Kaliyoga sasrawungan tebih ing tata krami, wulang suci den anggep sepi, isining wedha sinengguh dongeng ngayawara, para mudha tanpa susila, para manggala katungkul kongas kumawasa, kuwasane kinarya gada, abebasan sungsang bawana balik, dhandhang kaunekake kontul, kontul kaunekake dhandhang, jujur ajur culika saya nderbala.

Lah sinten ta ingkang ngrenggani praja Guwaharga, jejuluk Yaksendra Gorawangsa. Narendra yaksa birawa saharga gengira, netra mancorong kadya netraning singa barong, grana nyanthik palwa, tutuk kaya guwa, waja rangah lir parangcuro ngisis siyung kadya pedhang ligang, rema gimbal den udhal modhal madhul numpang widhangan kanan kering, adhiwud – dhiwud wuluning asta yayah singgang katempuhing ladhu, gereng– gereng yen ngandika sora hanggegirisi.

Nuju hari sajuga sang yaksendra kapareng miyos tinangkil, lenggah dhampar kancana lelemek babud permadani, sinebaran sari – sari ganda wida jebad kasturi mangambar gandane praptaing pamurakan, cinandra saking katebihan yayah Sang Hyang Kala harsa nglebur jagad.

Ingang lenggah mungging ngayun patih wasesaning praja kaleres rayi nata, ingkang akekasih Harya Suratimantra. Datan kanton sebanira nyai Emban Kenya Wandosari. Nadyan raseksi parandene darbe kasekten linangkung. Ing wuri pepak andher sebaning para wadya manungsa lan resaksa jejer riyel rapet atumpang dhengkul lenggahe, parandhene reeeep... sidhem premanem tan ana kang samya nyabawa, karana kaprabawan sungkawaning galih sang bumi nata kataman kunjana papa.

Keterangan :

Sak telasing janturan kombangan manut laguning gendhing, ngancik kenong tiga gedhog sesek lajeng suwuk gropak, suluk ada – ada Girisa jangkeb, lajeng ginem.

Ginem :

Suratimantra : Dhuh kaka prabu jimat pepundhen kula, sesembahannipun para kawula Guwaharga. Menapa ta darunanipun paduka nandhang sungkawa, menawi wonten awrating galih kaparenga ingkang rayi ndherek hanyangkul. Lan malhipun ngengleng bingleng hanglelamong datan sarana kabudidaya, tanggeh saged kasembadan ing gegayuhan.

Kenyawandu : Sinuhun sembah kula. Punapa paduka ngersakaken ngelar jajahan, nagari pundi ingkang paduka kersakaken, kula sagah ngetab wadya hanggebak sarana bandayuda.

Suratimantra : Kaka prabu. Nyuwun sewu manawi nitik saking pasemon paduka, nyata nembya nandhang papa kunjana. Dhuh kaka prabu pedah punapa kabanda ing raos liwung, prayogi kapareng utusan ingkang rayi, anglamar putri negari pundi ingkang dados sarjuning panggali, nadyan mantasaning widadari, rayi paduka sagah minggah Kahyangan Sularaya.

Keterangan :

Pathet 6 jugag, Prabu Gorawangsa anebah jaja.

Ginem :

Gorawangsa : he he he ... hoong thethe Kala Rudra Manik raja dewaku. Suratimantra Lantip ciptamu, nyata yen landhep rasamu. Yen mangkonoa bener ujare para wredha, sewu lara ora kaya yen kataman asmara. Nanging yayi ibarat ngenteni runtuhing lintang lan rembulan mokal kalakone, sebab sesotya mau wus ana

ngembangan. Yayi ... Ndak rasa sansaya krasa, ndak gugu temah hangranuhi. Kapelawah lebur warata bumi lamun tan kasembadan garwa gantilaning rasaku muhung prameswari nata Mandura kang sesilih Dewi Maerah.

Keterangan :

Dipun suluki ada-ada srambahan kangge nyingged raos sereng.

Ginem :

Suratimantra : Dhuh kaka prabu, yen makaten kaparenga ingkang rayi sowan dateng praja Mandura, kula engkang badhe matur sarana aris kalayan Prabu Basudewa, kula pitados kanthi tulusing bebuden paduka, tamtu wonten mulunging panggalih prabu Basudewa, karena narendra wicaksana tur garwanipun wonten tiga.

Gorawangsa : Heee la dalah. Kathik nistha temen Prabu Gorawangsa wani mbedhang bojone liyan nembung sarana aris. Ora ana cara maneh kajaba ingsun laku cidra mangendrajala marang tamansari Mandura.

Kenyawandu : Dhuh sinuhun, manawi makaten kapasang yogya. Kula mireng pawarta yen Prabu Basudewa tedhak cangkrama nganthi garwa dhateng Wana Banjarpatoman.

Gorawangsa : Wooo lha yen mangkono tiwas kebeneran. Hee Suratimantra. Aja wedi kangelan, ngathiya wadya pepethingan ndherek panjenenganingsun, nanging sira

sakwadya dak keparengake pacak baris ana tepining praja Mandura, dene mengko yen ana payo – payo enggal padha ngebyuk praja Mandura.

Suratimantra : Kawula noknon ngestokaken dhawuh paduka, kaparenga kula amit madal pasilan.

Gorawangsa : Iya yayi, lelungsen ndak bebakali, sarta nganthiya kawicaksanan. He Biyung Emban.... bubarna wadya kang nggantung seba, ingsun kondur ngedhaton.

Kenyawandu : kawula nuwun inggih ngestokaken dhawuh paduka sinuwun.

Keterangan :

Saktelasing ginem lajeng pocapan bedhol jejer.

Pocapan :

Lahing kana ta wau, purna gatining pasewakan, sang nata harsa kondur ngadhaton, tedhak saking palenggahan, horeg kang samya sumewa pyak ngarsa tangkeb wuri yen cinandra yayah temanten binayangkari.

Keterangan :

*Ldr. Bhayangkari kalajengaken ayak-ayak nem, kalampahaken sak rambahan, telasing bedholan kayon katancebaken gawang tengah dhoyong manengan utawi mangiwa, ayak suwuk lajeng dipun suluki **ada – ada padupan** (cakepan gumantung dalang) sak paripurnaning suluk, kayon kabedhol katancebaken ing gedebog nginggil gawang tengen, lajeng pocapan sinambi ngedalaken Prabu Gorawangsa saking tengen.*

Pocapan :

Kacarita, duk samana Prabu Gorawangsa gya murwani mangsah samadi maladihening, sarana sasaji wus samapta, miwah dupa ratus raja mala sinumet makantar kantar urube, kumendheng kukuse sumundhuling ngantariksa. Sang yaksendra sigra ngeningken cipta anutupi babahan hawa sanga, tan ana kang winawas muhung kawaspadaning kawicaksanan. Sirna lebu wetuning bajra herawana, mateg suksma lingga bathara kala, sirna sipating yaksa, dadya Prabu Basudewa gya mesat ing dirgantara anut kukusing dupa.

Keterangan :

Dhodhog kothak mungel srepegan, Gorawangsa milih Prabu Basudewa lajeng abur – aburan, solah sawatawis.

ADEGAN PASEBAN JAWI

Keterangan:

*Saksampunipun abur-aburan, lajeng singgetan kayon, lajeng pasebanjawi, Suratimantra taceb gawang tengen, lajeng ngedalaken Kenyawandu saking tengen tancep ngajengipun Suratimantra, ngedalaken buta cakil nyembah tanceb wingkingipun kenyawandu, ngedalaken buta babrah nyembah tanceb wingkingipun buta cakil, Galiyuk medal nyembah tanceb wingkingipun buta babrah, gangsa seseg lajeng suwuk, dipun suluki **ada-ada girisa** (cakepan gumantung dalang) kalajengaken ginem.*

Ginem :

Cakil : liii Lha dalah. Tebih pasowan kula mboten midhanget pangandikanipun kanjeng sinuhun, kaparenga cumadhong dhawuh, kula ingkang abdi ditya Sangkirnajanggi.

Babrah : He.. he.. he.. ... Semanten ugi kula kyai Patih, ingkang abdi ditya Padhas grumpul nyadhong dhawuh kula noknon.

Galiyuk : Lha lha, kula inggih ngaten kyai Patih, kula ingkang abdi Kala Jurang jugrug wanci surup bebayani, yok napa britane.

Suratimantra : Hiya-hiya kabeh wae para prajurit yaksa, lungguha kang prayoga dak jlentrehi wigatining pasewakan, Hee.. Biyung mban, kaya wus nora kurang trawaca pangandikaning kaka prabu, sarta derenging karsa wus tan kena pinambengan malah dina iki kaka prabu wus kepareng jengkar manjing tamansari Mandura.

Kenyawandu : Dhuh Kyai Patih... manawi makaten lajeng kados pundi kapareng paduka.

Suratimantra : Yuung... yen mangkono cundhuk klawan dhawuhe njeng kaka prabu, tumuli prentahna para prajurit kang pepethingan ndherek lakuku pacak baris marang tepining praja Mandura.

Kenyawandu : Nuwun inggih ngestotaken dhawuh. Heh mengko ta Kala Sangkirnajanggi, tumuli nembanga tengara budhaling wadya.

Cakil : Kawula nuwun inggih ngestokaken dhawuh nyai.

Keterangan :

Suluk ada-ada budhal wadya (Cakepan bebas) sak telasing sulukan dipun pocapaken.

Pocapan:

Gumuruh untabing pra wadyabala yayah singa nebah papan.

Keterangan :

Munggel lancarane Singanebah (kasumanggakaken dalang), lajeng bedholan kalampahaken pinatut, kalajengaken kapalan saking kiwa, saktelasing kapalan gangsa seseg, kayon katancebaken gedebog ngandhap gawang tengah dhoyong nengen, lajeng Suluk Pathet Kedhu, lajeng kacaritakaken.

Pocapan:

Lahing kana ta mau. Wus bidhal sagunging prajurit yaksa Guwaharga, yen cinandra yayah sulung arebut marga, sajuru-juru tanana kang liruh prenah. Tan kantung solahing para yaksa pating bedhigas, pating byayak, gereng-gereng, gero-gero swarane samarga-marga akarya giris kang samya hamulat. Sinigeg kang lumaris gantya ingkang winursita, tan kadining tamansari praja Mandura kadya nenes solahing wanita.

ADEGAN TAMANSARI MANDURA

Keterangan:

Mangel gendhing Genes, kenong kalih dipun gedhog tandha seseg kalihan mbedhol kayon katancebaken gawang tengen dhawah gong ngedalaken Dewi Maerah katancebaken gawang tengen gedebog nginggil, tangan ngajjeng semampir pundhak kenong sirep lajeng janturan.

Janturan:

Baskara kalingan mega remu-remu sorote tan padhang yen rinasa kaya wus tan bangkit amadhang bawana. Tamansari Praja Mandura, ingkang duk samana kawistingal endah, parandene ing mangke katon kucem. Katitik sekar-sekar samya layu alum godhonge, balumbang asat toyane keh mina-mina kang ngemasi. Nadyan ocek-ocehan maksih jangkep parandene samya pating cekukruk lumuh ngumandhang, labet kaprabawan sungkawaninggalih sang dyah ayu Dewi Maerah. Nadyan sulistya ing warna, labet nandhang sungkawa pramila kawistara cowong guwayane, turta kasembuh datan pepaes. Apa ta sababe mangkono, karaos bancindhe-banciladan sesaming garwa, waneh-waneh kang ginagas, hanglangut panawaning netra, kadadak kagyat hamulat praptaning kang raka prabu Basudewa, esmu tan pitaya, tumuli kakedhepaken yekti datan sirna ing pandulu, hanggrahita sang dyah ayu gya sumungkem padaning sang nata.

Keterangan:

Telasing janturan Basudewa medal saking gawang kiwa dewi Maerah nyembah lajeng tancep gawang tengen gedebog ngandhap/ gendhing suwuk dipun suluki Sendhon Irim-irim Cengkok Ngayogyakarta (pathet nem jugag) lajeng ginem.

Ginem :

Maerah : Sinuhun... sarawuh paduka ngaturaken sumungkeming pangabegti kula mugi konjuka sinuhun.

Basudewa : Garwaning pun kakang yayi dewi Maerah, pangabegtinira wis dak tampa, pangestuning pun kakang tampahana yayi.

Maerah : Kawula nuwun inggih, gurawalan panampi kula pangestu paduka amewahana jejimating gesang kula. Kajawi saking punika dene paduka sampun kapareng kondur, lajeng kados pundi pawartosing pagrogolan wana Banjarpatoman

Basudewa : Iya yayi, antuk pamujinira kabeh padha lulus raharja tan kurang sawiji apa. Dene bab konduring pun kakang iki yekti hamung nedya hangruwat onenging tyase pun kakang, hawit rikala ana ing pagrogolan, kang katon ing netra tan liya wewayanganira, pramila yayi payo pun kakang ndherekna manjing palereman.

Maerah : Sumangga sinuhun... kula dherekaken.

Keterangan :

Bedholan, Dewi Maerah pun ponding manengen kalian Prabu Basudewa sinambi uran – uran sekar macapat Mijil utawi Sendhon Kloloran.

MIJIL

Kuning-kuning cahyane wong kuning, .

malela mancorong,

Dhasar gandhes luwes sak solahe,

lelewane tansah mila ngoni,

eseme mrak ati,

pantes karya wuyung.

Keterangan :

Telasing uran-uran, kasambet dhodhogan srepegan lasem kawiwitan saking Ngelik Srepeg Nem ingkang pungkasan (1616 2321 3263 5235) kasingget gedhog sirep lajeng kajantur.

Janturan :

Linarih sigra lir sang bathari Ratih manjing jinem rum rinungrum memanuhara wicara manis. Sang dyah ayu datan suwala amung tansah anut karsaning kang raka. Bawane wus dangu tan sajiwa, bebasan kadya kasok katresnanira, nadyan wanci bedhug tengange parandene tan rinasa, sigeg kang lagya andon asmara, praptanira raden Haryaprabu manjing tamansari, dadya kandheg lampaha.

Keterangan :

Nalika janturan kayon kasolahaken mangiwa, wongsal-wangsul, telasing janturan sirep udhar, kayon katancepaken gawang tengen gedebog nginggil kapetha kori wonten ngajengkori Haryaprabu tancep gawang kiwa, kalihan nolah noleh, Hang-iling, lajeng ngudarasa.

Ginem :

Harya Prabu : Jagad Dewa Bathara wayah bathara jagad. Kadi ngaren kok sepi aturing emban, cethi, uga ora ana kang katon... hmmm ing atase wanci rahina kori kok tetegan. Nuwun sewu kakang mbok, paripaksa rayi para sowan nilar pari krama.

Keterangan :

Haryaprabu ndhupak kayon, iringan sampak lasem Haryaprabu trus mlebet manengen, tanceban Maerah lan Basudewa wonten gawang tengen, Maerah ngajeng Basudewa wingking, Haryaprabu saking gawang kiwa, sareng dumugi ngajengipun Maerah lajeng nyembah, iringan suwuk alus suluk pathet 6 jugag, lajeng ginem.

Ginem :

Haryaprabu : Dhuh kaka prabu, sewu-sewu kalepatan kula diagung pangaksama paduka mboten nyana manawi paduka sampun kapareng lenggah wonten kaputren, sarta begti kula konjuk kaka prabu.

Basudewa : Iya-iya dhimas, ora dadi apa, pangabektinira wus dak tampa.

Maerah : Yayi Harya... ana lupute si adhi ora dadi apa. Lan manehe si adhi iku rak rumegsa katentremaning praja.

Haryaprabu : Inggih kakang mbok. Namung..... nyuwun sewu dhawuhipun kaka prabu ing sekawit wonten pagrogolan punika kados pundi!? Ing mangka kaka prabu utusan kula kadhawuhan mboyong kakang mbok Maerah, sareng kula dumugi kaputren Mandura kaka prabu Basudewa sampun ngrumiyini lenggah wonten keputren...! Punapa kaka prabu menika ngongngasaken kasekten menapa badhe nodhi kasetyan kula!?

Keterangan :

Dhodogan sampak suwuk dipun suluki ada-ada srambahan Haryaprabu tanceb gedebog nginggil malangkerik, Dewi Maerah kabedhol sumingkir nengen sawingkingipun Basudewa, ginem.

Ginem :

Basudewa : Adhiku dhi... den saranta aja kabranang tyasira, ora ana ceceging atiku ngongasake kasekten, gedhene nodhi marang si adhi, mangkene mau bot-bote anggoningsun kapang kalayan yayi Maerah.

Haryaprabu : Kaka prabu... iki wis dudu prekara jejibahan, nanging bab kapribaden. Kaka prabu. Nadyan aku ketemu enom, nanging ora sudi mbok gegabah. Cetha yen kaka prabu ngemu sujana karo aku. Aja serik yen Haryaprabu wani karo Basudewa.

Keterangan :

Haryaprabu nglandhang Basudewa mangiwa, inngan srepeg, Haryaprabu perang lan Basudewa, Haryaprabu kaseser, lajeng Haryaprabu ngunus curiga ugi, nanging kawon malih, lajeng Haryaprabu ngembat jemparing dipun getak Basudewa, Haryaprabu kontal, Basudewa badhe nututi dipun candhet Maerah mlebet manengen. Iringan Srepeg, Sampak, menjadi Ayak-ayak kayon dicabut dari kanan, berjalan ke kiri dan ditancapkan di tengah pada gedebog bawah. Iringan suwuk, kalajengaken Pathet Sanga Wantah.

ADEGAN WANA BANJARPATOMAN

Keterangan :

Pathet Sanga Wantah kalajengaken pocapan.

Pocapan :

Rame denira bandayuda Raden Haryaprabu tandhing Prabu Basudewa. Kataman aji gelap sayuta temah kendhang kapracondhang raden Haryaprabu. Sigeg kang pancakara gantya ingkang winursita, Nenggih sang Prabu basudewa, ingkang mapan aneng Pagrogolan Wana Banjarpatoman kongas kang sekar gambir.

Keterangan :

Mungel gendhing Gambirsawit, kenong kalih bedhol kayon, dhawah gong ngedalaken Prabu Basudewa saking gawang tengen tancep, lajeng ngedalaken Putren kalih sareng, (Maherawati + Bandrasini) nyembah tancep wingkingipun Basudewa, Ngedalaken Prabu Pandhu saking gawang kiwa, sembah karna, tancep gawang kiwa gedebog nginggil, ngedalaken Panakawan urut lenggah wingkingipun Pandhu. Gangsa seseg sirep lajeng kajantur.

Janturan:

Wana Banjarpatoman, prayata alas gung liwang-liwung wregsa gurda myang mandira tepung waru gunung. Pepule tepunging pang sambung sumambung katempuhing angin pating jarethot swarane yayah rasegsa krodha antuk memangsang. Nadyan mangkonoa ing madyaning wana wonten Pasanggrahan, lah sinteta kang kapareng cangkrama darmawisata, tan asanes hamung Nata Mandura Prabu Basudewa, kapareng nganthi garwa kekalih nenggih Dewi Maherawati miwah Dewi Bandrasini. Dereng pantara dangu lenggahira sang nata kasarupraptanira ingkang rayi nata Ngastina Prabu Pandhu Dewanata, nganthi repat Panakawan, Ki Lurah Semar, Nala Gareng, Petruk, Bagong. Suka tyase Sang Prabu Basudewa sigra ingacaran lenggah.

Keterangan:

Saksuwuking gendhing dipun suluki Pathet Sanga Ngelik namung sumangga, lajeng ginem.

Ginem :

- Basudewa** : Yai Prabu . . . durung suwe praptanira pun kakang ngaturake pambagya basuki konjuka yayi.
- Pandhu** : Inggih kaka prabu, kasembuh brekah pangestu raharja pisowan kula, hamung pangabekti kula mugi katura kaka prabu.
- Basudewa** : Iya-iya yayi dak tampa tiboa sapadha-padha.
- Maherawati** : Sinuhun ing Ngastina, ngaturaken pasegahan panakrami
- Badrasini** : Nadyan kula inggih ngaturaken pambagya harja mugi katura sinuhun
- Pandhu** : Inggih kakang mbok ratu sekalihan, kula tampi pambage paduka.
- Basudewa** : Panakawan . . . kono - kono prayogakna, aja nduweni rasa rikuh lan pakewuh
- Semar** : E . . . enggih sinuhun . . . ngestokaken dhawuh
- Gareng** : Wah Truk, jebul kahanane alas kuwi ya nyenengake tenan. Dhasar wit-witane gedhe tur ngrembuyung godhonge, okeh-ocehan isih ganep, tur wancine sore, angine sumilir, nyang mata marahi mbliyuyut....
- Petruk** : Pancen bener Kang Gareng. Janji alas kuwi durung dijamah tangan jahil ya isih apik, ning kocapa, janji wis akeh wong blandhong kayu ya dadi rusak.

Bagong : Apa maneh nek sing njaga melu blandhong, dadi tambah saya mawut. Ning nek aku eneng kene iki sing tak senengi ngrungokke okeh-okehan Truk.

Petruk : Gong, kowe rak durung weruh kewan blasteran.

Bagong : upamane kewan apa?

Petruk : Upamane pitik jawa karo pitik alasan dikawinke, anake jenenge bekisar, manuk puter karo derkuku dikawinke anake jenenge dhereuk.

Bagong : Kok gelem ya Truk, kon kawin ...

Petruk : Ha iya gelem wong kepepet.

Bagong : Nggonku ana Truk, blasteran wedhus karo Gareng.

Petruk : Kok gelem ya Gong.

Bagong : Gelem wae wong kepepet dhasare cluthak. Anake jenenge RengDhus

Gareng : Pancen cangkeme Bagong ki njaluk didondomi ben aja crigis.

Bagong : Wah syori Reng, iki guyon, aja nesu, kowe angger gampang nesu kagunganmu kyai ludira inggil kumat.

Semar : E e e pancen dha ra urus kabeh, senengane kok mung cengengesan, ora ngrembug bab isine, ora nggarap sanggite, enenge kok mung gobras-gabrus. Pancen wis dha kelangan keblat (Semar dipun bedhol kalihan noleh)

Bagong : Alah mbel gedhes. Wong pancen jamane lagi ngono kok maido Mar-mar. Arepa dirembuga tharik tharik, dienkake sarasehan, tiwas ngguwang ragat. Biyen sepi, jare kalah karo kaset, bareng saiki wis rame, jare kelangan keblat, Kowe Pak mung tukang maido ngritik, coba nglakoni ya tiwas entek entutmu.

Basudewa : Wis-wis Panakawan, aja padha padudon. Yayi Prabu Pandhu, sira prapta ana pagrogolan iki, witing klapa salugu sumusul cangkrama, apa pancen ana wigati?

Keterangan :

Dipun singget suluk Pathet Sanga Jugag; lajeng kasambet ginem.

Ginem :

Pandhu : Dhuh kaka prabu. Sowan kula punika kajawi sumusul cangkrama, estonipun ugi matedhakaken dhawuh pangandikanipun rama panembahan ing Sapta Arga ingkang suraosipun suka pemet. Paduka njeng kaka prabu sampun ngantos kaladuk sengsem cangkrama, manawi ngantos katrem badhe manggih kacintrakan.

Ing nguni wonten tuladha, satriya Ayodya Raden Ramawijaya, bot-botipun sengsem manjing wana, satemah pisah lan garwaipun Rekyan Sinta.

Pramila kaka prabu, tuladha punika mugi dadosa pepenget.

Basudewa : Dhuh yayi prabu kadange pun kakang. Sakpandurat pun kakang kaya antuk cahyaning bathara, sambung rapete kalawan dhawuh pangandikane paman resi Wiyasa. Yayi prabu yektine rikala dina malem sukra kasih, pun kakang supena, menawa mbakyunira Yayi Dewi Maerah kapulet ing naga mumbul ing ngawiyat sirna saka pandulu. Muga-muga pasupenan mau aja nganti dadi kasunyatan, sarta pun kakang wus utusan kadangira yayi Haryaprabu mboyongi Yayi Dewi Maerah.

Keterangan :

Dipun suluki Ada-ada Srambahan Sanga lajeng pocapan.

Pocapan :

Dereng pantara dangu denira imbal wacana, kasar praptanira Raden Haryaprabu dumarajog tanpa laraban.

Keterangan :

Srepegan, Haryaprabu sowan trus ngrungkebi padanipun Prabu Basudewa, Srepeg suwuk Ada-ada Jugag sanga, ginem.

Ginem :

Basudewa : Yayi Haryaprabu, haywa tawang-tawang tangis, lungguha kang prayoga, matura kang trewaca.

Haryaprabu : Ketiwasan kaka prabu. Rikala ingkang rayi manjing kaputren wonten duratmaka mangendrajala mangemba kaka Prabu Basudewa mbedhang kakang mbok Dewi Maerah.

Keterangan :

Sampak, Basudewa tebah dhadha, Suwuk, ada – ada jugag, lajeng ginem.

Ginem :

Basudewa : Jagad Dewa Bathara wayah bathara jagad. Yen mangkono kadara dasih pasupenan ing sun. Yayi Pandhu, kepriye murih prayogane?

Pandhu : Kaparenga ing mangke kaka prabu tumunten ngukut pasanggrahan, sadaya enggal kondur ing Mandura.

Basudewa : Prayoga mangkono yayi. Sarta si adhi aja negakake pun kakang. Haryaprabu, prentahna para wadya kang padha nderek cangkrama, dina iki uga kondur marang praja Mandura.

Haryaprabu : Inggih ngestokaken dhawuh kaka prabu.

Pandhu : Sumangga kaka prabu kula dherekaken.

Keterangan :

Srepeg Sanga sadaya bidhalan, lampahipun manengen sadaya, manawi Sampun tuntas lajeng papagan Pandhu kalihan Basudewa palsu, Pandhu gawang kiwa Basudewa gawang tengen, Petruk, Bagong wonten winqkingipun Pandhu, gangsa suwuk, Ada-ada Gregetsaut, terus ginem.

Ginem :

Pandhu : Heh duratmaka, yen sira isih ngeman kekadangan becik ngakua sapa sejatine sira?

Basudewa : Mokal yen kowe pangling karo aku, aku nata Mandura Prabu Basudewa.

Petruk : Pun ... sampeyan ngaku mawon, rasah berbelit-belit.

Basudewa : He . . . wong elek. Kowe sapa kok nyaru wuwus?

Petruk : Lhaaa . . . cetha maling iki. Wong karo rombongan kok takon. Pun sinuhun ndang dicekel dirangket labokke ngesel.

Bagong : Wah banger abacin genah dudu bangsane manungsa truk...

Pandhu : Cetha yen sira murang tata, aku kang bakal matrapi pidana, manuta tak gedheng tanganmu.

Basudewa : Bisa nyekel aku, sasat bisa njaring angin, hayo cobanen.

Keterangan :

Srepeg Sanga Pandhu perang lan Basudewa palsu, Basudewa kaseser, Basudewa nyokot, Pandhu mundur. Iringan suwuk Ada-ada Sanga Jugag, lajeng ginem.

Ginem :

Pandhu : Dusmalaningrat, lelethe king jagad, panuksmaning jajilaknat. Cetha yen kowe tan kena ginawe becik, mara tampanana pusaka Ngastina Kayi Pamungkas, klakon tatas nyawamu.

Keterangan :

Iringan sampak sanga Pandhu nglepasaken jemparing, Basudewa kening jemparing badhar Gorawangsa, Pandhu badhe nglajengaken perang, dipun pambengi Basudewa, iringan suwuk, Ada-ada Sanga Jugag ginem.

Ginem :

Basudewa : Dhuh yayi Prabu kadange pun kakang. Sareh yayi.

Pandhu : Kaka prabu, sampun dipun pambengi, kula mboten kawon, raseksa menika badhe kula sirnakaken.

Basudewa : Yayi prabu, aja kleru tampa, pun kakang babar pisan ora nedya ngremehake si adhi, nanging yayi... iki

perkaraning pun kakang, mula yayi tak jaluk rilaning panggalihmu, paripaksa lelakon iki nedya dak rampungake dhewe, Wis yayi lenggaha kang prayoga, dak labrake buta iki.

Keterangan :

Sampak Sanga Basudewa budhal methukaken Gorawangsa, tanceban Gorawangsa gawang kiwa Basudewa gawang tengen, iringan suwuk, Ada-ada Greget-saut Sanga, ginem

Ginem :

Basudewa : Heh... Narendra yaksa, aja mati tanpa aran, ngakuwa mumpung isih bisa ngucap.

Gorawangsa : Ora tedheng aling-aling, nata Guwaharga Prabu Gorawangsa, hayo Basudewa, tangkep jaja kantaran bahu, pancen wus dak antebi tekadku nggonku nyidra Dewi Maerah.

Basudewa : Iblis laknat, dhasar jarak ngrusak pager ayu, bisa boyong garwaningsun Maerah, nanging langkahana kwandhaning Prabu Basudewa.

Gorawangsa : Heee ... klakon kokop getihmu.

Keterangan :

Sampak Sanga Gorawangsa tandhing Basudewa, Basudewa dipun geget jangganipun. gangsa suwuk, Ada-ada Sanga Jugag (saget tanpa suluk) kalajengaken pocapan.

Pocapan :

Kinemah-kemah, ginilut-gilut, janggane Prabu Basudewa. Eling-eling tilasing senapati linangkung, rekatak gya narik curiga Kyai Gandaludira katamakaken jajanira Prabu Gorawangsa butul walikat, ludira muncrat, rebah Prabu Gorawangsa yayah harga jugrug.

Keterangan :

*Sampak Sanga Gorawangsa kening duwung Kyai Gandaludira pejah, kuwandha dhawah kiwa kaentas kanthi katutup kayon. **Iringan dados ayak 9**, Prabu Pandhu medal saking tengen ngunduraken angrangkul Prabu Basudewa, tanceban Basudewa wonten gawang tengen, pandhu gawang kiwa, Harya Prabu gawang kiwa debog ngandhap, Maerah medal saking gawang tengen nyembah Basudewa, tancep sak ngajengipun Basudewa gadebog ngandhap, tangan ngajeng semampir pundak, gangsa suwuk, **suluk pathet manyura wantah**, lajeng ginem.*

ADEGAN MANYURA (ADEGAN MANDURA)

Ginem:

- Maerah** : Dhuh sinuwun.... kapejahan kewala pun Maerah. Dene nyandhang lelampahan ingkang makaten, mboten pantes dados garwaning narendra, mboten wonten ruwating dedosan kula kejawi amung antaka, pramila sinuwun..... sumangga kapatrapan pidana pejah.
- Basudewa** : Yayi Maerah. Pati iku dudu sawijining bab kang bisa kanggo ngrampungake perkara. Lan menehe sira ora luput, ing sun kang darbe kaluputan iki.
- Maerah** : Nanging sinuwun....
- Basudewa** : Ingsun ngerti Maerah, yenta sira wis nggarebini. Nadyan sira ngandhut wijining Prabu Gorawangsa, nanging ing sun tetep bakal ngopeni bayi kang sira kandhut, sebab jabang bayi mau tetep suci nora kelepetan ing dedosan.
- Maerah** : Ngaturaken agenging panuwun sih wilas ingkang paduka paringaken dhumateng jasad kula, namung sru pamundhutipun kula sageta wangsul dhateng pertapan Kembangsore sowan Kanjeng rama panembahan Resi Jarapada, dene lekas kula ingkang makaten wau muhung rumeksa kawibawan paduka, sampun ngantos kucem asma paduka amargi saking lelampahan kula.
- Basudewa** : Ah,,, hemmmmm. Lelakon kok kaya mangkene. Yayi Pandhu kepriye miturut saka panemunira yayi ?
- Pandhu** : Kula raos-raos kok inggih wonten leresipun pamundhutipun kakang mbok Maerah. Kajawi ngreksa kawibawan paduka, hambok bilih kakang mbok Maerah badhe nentremakan panggali.

Basudewa : hemm kaya mangkana... Iya Maerah, yen adreng panyuwunmu kondur marang pretapan Kembangsore, yektine mono abot rasaning atiku, yen pancen wus dadi antepmu, yo wis ingsun lilani. Yayi Haryaprabu, aja wedi kangelan, dherekna kondure mbakyumu marang Pretapan Kembangsore, matura walaka rama panembahan Resi Jarapada, sarta pun kakang suwuna pangapura mungguh lelakon iki.

Harya Prabu : Inggih kaka Prabu ngentosaken dhawuh.

Maerah : Sinuhun... Wekasing atur kula nyuwun tambahing pangestu mugi – mugi kiyat nyandhang lelampahan punika.

Basudewa : Hiya Maerah, muga–muga jawata ngayomi sak lakumu.

Pandhu : Kakang mbok, kula ndherek memuji, mugi jawata tansah ngayomi paduka.

Keterangan :

Iringan srepeg manyura Maerah nyembah kaentas mangiwa semanten ugi Haryaprabu, Basudewa, Pandhu kaentas manengen. Maerah medal saking gawang tengen mlampah alon, kadhereaken Haryaprabu sak rambahan , lajeng medal malih ga ngsa sirep kajantur.

Janturan :

Kaya rinujid-rujid panggalihira Dewi Maerah, wus tebih saking praja Mandura ngancik tepining wana, kumleyang lampihe sang dewi yayah layangan

pedhot saking tamparan. Wauta ana kaelokaning jagad saben pecaking suku kandhutane ebah, kaya-kaya sung sasmita kalamun ponang jabang bayi harsa wruh padhang hawa dadya kandheg lampahe sang dewi.

ADEGAN TENGAH MARGA

Keterangan :

Maerah kendel tancep tengen, Haryaprabu ugi tancep ngajengipun Maerah gangsa suwuk, tanpa suluk lajeng ginem.

Ginem.

Haryaprabu : lho wonten menapa kakang mbok?

Maerah : dhuh yayi Haryaprabu... aku wis ora kuwat ngglawat, sajake ponang jabang bayi bakal wruh padhang hawa.

Haryaprabu : We Iha yen makaten mangga kula dherekaken pados papan engkang prayogi.

Keterangan:

Sampak, Maerah kakanthi mlebet gawang tengen kalihan Haryaprabu gangsa suwuk, kayon kageteraken kalihan dipun caritakaken.

Pocapan :

Gara-gara ruhara gora mawalikan lesus lir pinusus, sindhung riwut magenturan, kayon katiyubing angin, pating jarehot swarane,

saweneh ana kang salang runkat rebah katut sak oyod-oyode, wauta ana kaelokaning jagad, sireping kanang gara-gara marengi cenger lahiring ponang jabang bayi atmajanira Dewi Maerah, mijil kakung glewo-glewo sumorot netrane, kacihna ing benjang dewasane dadya satriya kang nggegirisi.

Keterangan:

*Sampak manyura kayon katancebaken gawang tengen, Maerah medal saking tengen nggedhong bayi kadhereaken Haryaprabu tancep wonten ngajengipun Maerah suwuk, **ada-ada manyura jugag lajeng ginem.***

Ginem :

Maerah

: Dhuh yayi Haryaprabu, lega rasaning atiku dene putraku wus lahir kanthi gangsar nir ing sambikala awit saka pambyantunira.

Haryaprabu

: Semanten ugi kula kakang mbok, bingahing manah kula tanpa papindhan, lajeng kepareng paduka kados pundi ?

Maerah

: Yayi Haryaprabu, sakdurunge mbacutake laku, aku bakal paring tetenger marang putraku kang nembe lahir. Rehning nalika aku nguwatake jabang bayi, ana gara-gara maruta, mula seksenana ya dhi, putraku dak paringi tetenger Raden Joko Maruta.

Keterangan :

Sampak manyura, Haryaprabu noleh mangiwa kalihan ngunus keris, amargi Suratimatra dhateng lajeng suwuk tanpa suluk trus ginem.

Ginem :

Haryaprabu : Heh raseksa, yen kowe ora bakal gendhak sikara, ngakuwa sapa aranmu ?

Suratimantra : Raden... kawuningana, kula kadangipun anem swargi Kakang Prabu Gorawangsa.

Haryaprabu : Yen mangkono tekamu kene bakal bela patine kadangmu?

Suratimantra : Raden... sampun klentu panampi, sowan kula ing ngriki mbonten badhe bela sedanipun kakang Prabu Gorawangsa, jalaran sedanipun kakang prabu menika cundhuk lan prasetyanipun, malah panyuwun kula, hambok bilih sang dewi kersa badhe kula boyong kondur dhateng negari Guwaharga.

Keterangan :

Dipun suluki ada-ada jugag Haryaprabu ngrangkakaken keris noleh manengan lajeng ginem.

Ginem :

Maerah : Dak rasa kaya bener ature Suratimantra yayi, pramila siadhi dak aturi kondur marang praja Mandura lelakon iki tumuli aturna ngarsane sinuhun Mandura.

Haryaprabu : Inggih kakang mbok, manawi sampun dados antebing panggallih paduka kula namung ngestokaken dhawuh. Suratimantra mangsa bodhoa karahayoning Kakang Mbok Dewi Maerah sakputrane.

Suratimantra : Inggih raden... Mangga sang Dewi kula dhereaken kondur dhateng Guwaharga.

Keterangan :

*Srepegan, Maerah lan Suratimantra kabedhol mlampah mangiwa, Haryaprabu kabedhol mlampah wangsul manengen, Maerah lan Suratimantra kalampahaken mangiwa sarambahan, lajeng seseg gangsa suwuk **ada-ada sikarini** kalihan kayon kageteraken*

(Harsa madhangi jagad, duk mungup-mungup aneng, sapucaking wukir, marbabak bang sumirat, kena soroting surya, mega lan gunung-gunung)

telasing ada-ada katampen Ldr. Kandhamanyura.

ADEGAN GUWAHARGA

Keterangan :

Iringan dados Ladrang Kandhamanyura, kayon katancebaken gawang tengen, dhawah gong ngedalaken Jaka Maruta (Kangsa) irama dados kosek wayangan sirep Kangsa tanceb gawang tengen, kalihan ngedalaken Suratimantra, Togog, Bilung saking kiwa, kalajengaken janturan.

Janturan :

Enggaling carita gelising kandha, ora kaya kang aneng Nagari Guwaharga ya Parangguwa, ing mangke Raden Jaka Maruta wus diwasa sumilih kepraboning kang rama swargi Prabu Gorawangsa. Dhasar satriya gagah prakosa, wimbuh sekti mahambara. Ing mangke kepareng miyos siniwaka, kahadhep ingkang paman Harya Suratimantra. Katitik saking lekering wadana jaiting netra sang nata mudha kaya ana kang rinasa karana datan jenak lenggahe nora tajem polatane.

Keterangan:

*Gangsa seseg lajeng suwuk gropak, **Ada-ada Manyura srambahan lajeng ginem***

Ginem :

Suratimantra : Dhuh angger jejimating gesang kula, kekirangan punapa paduka jumeneng nata wonten Guwaharga, menapa kirang mulya lan kirang wibawa.

Jaka Maruta : Paman... sanes kamulyan lan kawibawan ingkang wonten manah kula. Nadyan kula sampun kinembong kamulyan lan kawibawan, nanging yen kula mboten ngertos ingkang nerahaken lantaraning gesang kula, lajeng napa paedahe kamulyan lan kawibawan?

Suratimantra : Hooo ladalah, inggih angger badheya kula tutup-tutupanana wewadi punika tertamtu badhe kawiyak. Ngaten nggih ngger paduka punika putra swargi kaka prabu Gorawangsa, ingkang mijil saking ibu paduka Dewi Maerah garwa nata Mandura. Namung kemawon keng rama sampun seda kasambuting rananggana wonten negari Mandura, sarta keng ibu Dewi Maerah ugi sampun seda nalika paduka taksih timur

Keterangan :

Dipun suluki Ada-ada Creget-saut jugag trus ginem.

Ginem :

Jaka Maruta : Jagad dewa bathara, yen ngaten kula niki empun lola?

Eblis laknat dudu karepe dhewe wong Mandura. Yen ngaten ratu Mandura badhe kula labrag, yen mboten purun ndaku putra kalih kula, kula gawe karang abang Praja Mandura.

Keterangan :

Gangsa Sampak, Jaka Maruta kabedhol mlumpat ngiwa, Suratimantra, Togog, Bilung nututi. Kangsa kalampahaken manengen, Suratrimantra ngawe sak balanipun mlampah manengen, lajeng papagan Ugrasena medal saking tengen tancep gedebog nginggil, Kangsa medal saking kiwa tancep debog nginggil, iringan suwuk tanpa suluk kalajengaken ginem.

Ginem :

Ugrasena : Keparat... Gelar wadya, angelar jajahan, tanpa ngguwang layang panantang sapa aranmu?

Jaka Maruta : Aku Jaka Maruta, endi Ratu Mandura? Yen ora gelem ngaku anak karo aku, klakon Mandura dadi segara geni.

Ugrasena : Iblis laknat, aku Ugrasena kang minangka sulihing nata Mandura kang bakal ngadhili dhedhapuranmu.

Keterangan :

Ugrasena ngantem Jaka Maruta, Sampak Ugrasena perang lan Jaka Maruta, Ugrasena kawon kagetak Jakamaruta katampenan Haryoprabu kalebetaken manengen, lajeng Haryaprabu lajeng medal saking tengen prqang tanding kalian Jakamaruta ugi kawon kauncalaken manengen.

Basudewa medal tanceb gawang tengen, Jaka Maruta dipun awe lajeng nyembah gangsa suwuk ginem.

Ginem :

Basudewa : Kene-kene ngger Jaka Maruta, lenggaha kang prayoga, sirepen bramantyanira, ingsun nedya paring dhawuh.

Jaka Maruta : Paduka menika sinten?

Basudewa : Lha iya ingsun iki nata Mandura Prabu Basudewa. Sumurupa ngger ... yektine rikala sira isih ana kandhutaning ibumu, ingsun wus nglenggana nedya nggula wenthah marang sira.

Jaka Maruta : Lajeng kapareng paduka kados pundi?

Basudewa : Kulup... rehning dina iki wus gambuh rasaningsun, ingsun nglenggana ngaku putra marang sira, malah samengko jeneng sira, sun paringi kamukten ana Kadipaten Sengkapura, madeka Prabu Anom, sarta dak paringi tetenger Prabu Anom Basuwara Kangsa, ya Prabu Anom Kangsadewa.

Keterangan :

*Godhog ayak-ayakan Manyura (Ayak-ayak umbul donga/ ayak-ayak kaloran) kayon kabadol saking tengen lajeng kalajengaken pun tancepaken debog nginggil ing sisih tengah. **Tancep Kayon.***

d. Kesimpulan

Setelah mengetahui cuplikan adegan *uda negara* serta *catur* estetik di atas dapat disimpulkan bahwa dalam lakon Jaka Maruta sajian Manteb Sudarsana terdapat nilai *uda negara blangkon* ataupun *lakon*. Dalam sebuah pertunjukan wayang *uda negara* merupakan hal yang penting, karena beberapa nilai kemanusiaan saling menghormati dalam *uda negara*. Oleh karena itu bisa disimpulkan bahwa dalam lakon

Jaka Maruta sajian Manteb Sudarsana terdapat nilai uda negara yang dapat digunakan sebagai cerminan kehidupan dalam masyarakat.

DAFTAR PUSTAKA

- Harpawati, Tatik. 2005. "Kajian Stilistika Pertunjukan Wayang Kulit Ki Nartasabda dalam Lakon Bima Sekti, Gathutkaca Sungging, dan Sawitri". Tesis. Surakarta: ISI.
- Masturoh, Titin. 2003. "Bahasa Pedalangan Gaya Mujoko Joko Raharjo, Studi kasus lakon Semar mBangun Gedhong Kencana". Laporan Penelitian. Surakarta: ISI.
- Najawirangka, 1960. *Serat Tuntunan Pedalangan Tjaking Pakeliran Lampahan Irawan Rabi*. Jogjakarta: Tjabang Bagian Bahasa Djawatan Kebudayaan Departemen P.P. dan K.
- Soetrisno, R. 1976. *Kawruh Pedalangan*. Surakarta: ASKI.
- Sumanto, 2007, Dasar-dasar Garap Pakeliran" dalam *Teori Pedalangan Bunga Rampai Elemen Dasar Pakeliran*. Editor Suyanto. Surakarta: ISI Press.
- Sunardi, I Nyiman Murtana, Sudasono. 2020. *Kreasi dan Inovasi Wayang Sinema Dewa Ruci*. Surakarta: ISI Press.
- Suyanto, 2007. " Unsur-unsur Garap Pakelitan" dalam *Teori Pedalangan Bunga Rampai Elemen Dasar Pakeliran*. Editor Suyanto. Surakarta: ISI Press.
- _____, 2020. *Pengetahuan Dasar Teori dan Petunjuk Teknik Belajar Mendalang*. Surakarta: ISI Press.

DAFTAR NARASUMBER

- Satino Manteb Sudarsono, Seniman penatah wayang Sanggar Bima, 60 Tahun.
- Sigit Gapuk, Seniman pengendang Sanggar Bima, 35 Tahun.